

Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO AP RESEVWA APLIKASYON KOUNYE A POU TWAZYÈM FAZ NAN LUMINATE NY

Akseleratè a Vize Pote Konpayi Vizyonè nan Domèn Optik, Fotonik ak Imajri Ak Dènye Teknoloji Ki Ap Emèje yo Rejyon Finger Lakes

Yo Pral Aksepte Aplikasyon yo Jiska 23 Septanm 2019

Luminate NY se yon Inisyativ Kle nan Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke [Luminate NY](#) - ki se pi gran akseleratè biznis nan monn lan pou jèn konpayi nan endistri optik, fotonik, ak imajri (optik, fotonik ak imajri, OPI) - ap aksepte aplikasyon kounye a pou Faz III nan konpetisyon inovan an. Ekip ke yo seleksyone yo pral rivalize pou youn nan dis plas ki disponib yo nan twazyèm gwoup konpayi yo. Akseleratè Luminate NY lan, ki lokalize nan Rochester, ap asiste konpayi optik, fotonik, ak imajri ki pwometè yo pou fè vanse teknoloji yo ak biznis yo atravè asistans yon pwogram sipèvizyon pandan sis mwa. Yon fwa ke yo fin seleksyone yo, ekip yo pral rivalize pou finansman konplemantè yo, ki gen ladan yon premye pri 1 milyon dola; dezyèm pri 500,000 dola; ak de prim 250,000 dola ke yo pral bay de ekip. Pwogram Luminate NY lan finanse atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) Finger Lakes Forward transfòmatif la.

"Luminate NY se yon konpetisyon ke yo rekonèt sou plan global epi se yon resous pou nouvo konpayi ki pi pwometè yo nan domèn optik, fotonik, ak imajri modèn yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Akseleratè sa a reprezante jis youn nan pakèt investisman nan endistri estratejik yo ke New York ap fè pou favorize nouvo kwasans biznis epi amelyore opòtinite travay yo pandan ke nou ap kontinye travay pou pwopilse ekonomi Finger Lakes lan devan."

"Konpetisyon plan biznis nou yo te pwouve ke yo se yon katalizè pou atire gwo lide ak kwasans travay nan Eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Luminate NY fè pati estrateji nou an pou ankouraje kolaborasyon epi bay sipò pou endistri OPI ki ap devlope a nan rejyon Finger Lakes lan. Pandan ke nou ap kòmanse yon nouvo faz, nou ap rete angaje nan anbrase lespri inovasyon Rochester pou bay plan anbisyè ki konsantre sou fiti."

Luminate NY, ki administre pa NextCorps, ap chache antreprenè ki soti toupatou nan mond lan ki enterese rezoud pwoblèm OPI yo, sa enkli, men li pa limite a: vizyon machin, enspeksyon, byofotonik, sekirite, siveyans, reyalite ogmante ak vityèl, ak veyikil otonòm. Ekip ki gayan yo dwe pran angajman pou yo rete nan rejyon an pandan omwen 18 mwa.

Kandida pou Luminare NY yo dwe konstitye an sosyete, yo dwe gen omwen de anplwaye a tan konplè, epi yo ta dwe pwouve teknoloji santral yo, de preferans yo ta dwe deja devlope yon pwototip ki mache. Yon fwa ke yo aksepte yo, konpayi yo pral resevwa asistans, ansanm ak kapital, aksè a etablisman laboratwa global yo pou devlopman teknoloji, edikasyon, ak sipèvizyon biznis yo. [Yo pral aksepte aplikasyon yo kounye a jiska 23 Septanm 2019.](#)

Rekritman pou nouvo teknoloji ki aktive ak OPI yo rive jis kèk jou anvan dezyèm gwoup konpayi Luminare NY yo ap fè konpetisyon pou 2 milyon dola sou fòm finansman konplèman yo. Yo pral òganize Jou Demonstrasyon "Light Tomorrow with Today (Klere Avni nou Jodi a)" a ki gratis nan dat 27 Jen 2019, nan CGI Big Tent nan Festival Jazz Entènasyonal Rochester a. Yo pral bay yon konpayi 1 milyon dola, epi yo pral bay lòt 1 milyon dola adisyonèl la bay twa konpayi baze sou nòt jij yo.

Luminare NY kontinye ajoute sou gwo sektè endistri OPI rejyon an ki djanm yon nivo istorik. Rochester se lakay etablisman Tès, Asanblaj ak Anbalaj nan American Institute for Manufacturing Integrated Photonics ki nan Eastman Business Park, Enstiti Optik nan University of Rochester, Rochester Institute of Technology ak pou plis pase 100 konpayi OPI lokal ak 17,000 anplwaye ki ap ajoute sou eritaj rejyon an antan ke yon lidè imajri global.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Luminare NY, klike [la a](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zensky te deklare, "Twazyèm faz nan Luminare NY lan pral kontinye pote jèn konpayi inovan ak teknoloji yo nan Eta New York pou fè vanse endistri OPI an nan rejyon Finger Lakes lan, ki ap ajoute sou plis pase 170 konpayi ki te atire pa konpetisyon akseleratè biznis inik sa a nan de premye faz konpetitif yo".

Direktè Jeneral Luminare NY la Dr. Sujatha Ramanujan te deklare, "Kalib ak divèsite jèn konpayi ki ap patisipe nan Luminare NY yo reyèlman enpresyonan, pa jis poutèt kapasite yo pou chanje endistri a, men tou pou kontinye elve nivo ekosistèm OPI an ki te deja egziste isit la nan rejyon Finger Lakes lan".

Senatè Joseph Robach te deklare, "Luminare NY te gen yon reyisit remakab pandan de premye konpetisyon li yo. Mwen pa ka rete tann pou mwen wè sa ke ane sa a pral pote. Konpetisyon anyèl sa a te ede solidifye rejyon Rochester a kòm yon lidè nasyonal nan inovasyon ak teknoloji, ak plis reyisit ki gen pou vini. Nou pa ka souzestime enpòtans inisyativ ki ap kreye travay yo tankou Luminare NY, ki ap pote nouvo lide ak konsèp yo isit la nan Rochester".

Harry Bronson, ki se Manm Asanble a, te deklare, "Pandan ke ekonomi rejyon nou an ap kontinye fè tranzisyon pou soti nan endistri manifakti yo pou ale nan endistri gwo teknoloji yo tankou optik, fotonik ak imajri yo, pwogram tankou Luminare NY yo vital pou asire ke pwòchèn gwo revolusyon an ap rive lakay nou. Sipòte nouvo biznis ak antrepriz ki pwometè yo se yon envestisman ki valab anpil nan ekonomi Rejyon Nò a, epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak ekip la ki nan Empire State Development poutèt sipò pèmanan yo pou rejyon nou an".

Majistra Rochester a Lovely A. Warren te deklare, "Kapasite Luminare NY genyen pou retounen atire bon jan kalite aplikasyon yo ki soti toupatou nan mond lan demontre sajès desizyon Gouvènè Cuomo pou lokalize akseleratè biznis gwo teknoloji sa a nan Rochester epi ajoute sou repitasyon nou antan ke inovatè endistri yo. Luminare NY bay dirijan antrepriz yo yon platfòm pou pote ide inovan yo sou mache a, ki ap akselere kwasans ekonomi Rochester ki baze sou konesans lan. Mwen rete rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak Empire State Development poutèt yo pote kreyatè travay 21yèm syèk sa yo nan Rochester atravè 'Finger Lakes Forward', epi poutèt yo ap ede nou akonpli objektif nou pou kreye plis travay, katye ki pi sekirize, pi dinamik, ak pi bon opòtinite edikatif pou sitwayen nou yo".

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a ap konplèman pwogram "Finger Lakes Forward" la, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja investi plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 pou etabli fondasyon pou plan an—lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon investisman 500 milyon dola. Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola; epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè kreye plis pase 8,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)